

# Enfòmasyon Fondamantal sou Medicare pou Kliyan Pwogram Ryan White VIH/SIDA yo


Medicare se pwogram pwoteksyon asirans sante pou moun ki gen 65kan oswa pi gran ak sèten moun ki pi jèn ki gen andikap.<sup>1</sup> Medicare kounye a se prensipal sous finansman federal pou swen VIH/SIDA Ozetazini. Anviwon ¼ (enka) moun ki enfekte ak VIH ki resevwa swen, jwenn pwoteksyon asirans sante yo atravè Medicare.<sup>2</sup>

Istorikman, pifò benefisyè Medicare yo k ap viv ak VIH te gen mwens ke 65kan epi yo te kalifye pou Medicare akòz yon andikap. Sepandan, pa t janm gen anvan sitèlman adilt ki pi gran toujou k ap viv ak VIH, epi k ap resevwa sèvis nan men RWHAP an.

**50+**


**Nan pami plis pase demi-milyon kliyan RWHAP bay sèvis yo, 44.4 pousan nan yo gen 50kan oswa pi gran.<sup>4</sup>**

## Benefisyè Medicare k ap viv ak VIH<sup>3</sup>



**79% poko gen 65kan**  
epi yo kalifye akòz yon andikap  
(konpare a 17% benefisyè  
Medicare yo anjeneral)

**21% gen 65kan oswa plis**  
(63% pami kliyan sa yo te vin  
elijib sou labaz laj yo genyen  
sèlman)



**69% doubman elijib**  
pou Medicare ak Medicaid

Resous sa a bay estaf ak administratè Pwogram Ryan White VIH/SIDA (RWHAP) yo yon apèsi jeneral elijibilite ak pwoteksyon Medicare pou kliyan RWHAP yo ak lòt moun ki enfekte ak VIH.



**Jwenn repons pou kesyon sa yo:**

1. Ki chemen moun ki enfekte ak VIH pran pi souvan pou yo ka elijib pou Medicare?
2. Jwenn enfòmasyon osijè divès pati Medicare yo, sa ki gen ladann pwoteksyon ak pri yo.
3. Kijan ou kapab sipòte kliyan RWHAP yo enskri nan Medicare?
4. Kijan RWHAP la kapab ede kliyan yo ak depans Medicare yo?



**Konsilte Planifye Benefis Administrasyon Sekirite Sosyal la** pou jwenn plis enfòmasyon: [www.ssa.gov/planners/disability](http://www.ssa.gov/planners/disability)

# Elijibilite pou Medicare pou Moun ki enfekte ak VIH

Pou enskri nan Medicare, yon moun dwe sitwayen ameriken oswa yon rezidan legal pandan omwen 5kan. Gen 3 fason prensipal moun ki gen VIH gendwa kalifye pou Medicare.<sup>6</sup>

## 1. Moun ki gen 65kan oswa pi gran

Moun dwe gen omwen 65kan epi yo dwe gen **40 trimès kredi travay** pou yo ka kalifye pou sèten pati nan Medicare san yo pa bezwen peye prim chak mwa a. Moun ki touche kredi travay lè yo travay nan yon djòb epi yo peye taks Sekirite Sosyal.<sup>7</sup> Moun kapab touche jiska 4 kredi chak ane. Montan ki nesèsè pou yon kredi travay gendwa chanje chak ane.<sup>7</sup>

## 2. Moun ki gen mwens ke 65kan ki gen yon andikap ki kalifye

Moun dwe kalifye pou **Asirans Andikap Sekirite Sosyal (SSDI)** epi yo dwe te resevwa peman SSDI yo pandan omwen 24 mwa.

Sitiyasyon VIH pou kont li pa fè yon moun kalifye pou SSDI. Yon moun gendwa kalifye swa lè yo gen yon pwoblèm gravi ki gen pou wè ak VIH, yon nimerasyon CD4 ki kalifye, ospitalizasyon repete oubyen “manifestasyon repete” VIH ki debouche sou limitasyon fonksyonèl. 9 Yon moun ki gen VIH pa kalifye pou SSDI dapre règ VIH yo si li kapab kontinye kalifye paske li reyini kondisyon medikal yo pou yon lòt pwoblèm sante fizik oubyen mantal.


## 3. Moun ki Gen Maladi Ren nan Faz Final (ESRD)

Moun ki gen ESRD kapab kalifye pou Medicare menmsi yo gen mwens pase 65kan epi yo pa gen yon andikap ki kalifye yo. VIH ansanm ak sèten nan tretman li yo, asosye ak konplikasyon ren, tankou pa egzanp ESRD. Elijibilite ESRD pou Medicare baze sou moman kòmansman dyaliz la.

## Analiz Divès Pati yo ki nan Medicare<sup>5</sup>



|  Medicare Part A (Pati A) Pwoteksyon pou Lopital  |  Medicare Part B Pwoteksyon Medikal   |  Medicare Part D Pwoteksyon Medikaman ak Preskripsyon                         |
|--|--|--|
| <b>Li garanti:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Swen lopital pou pasyan entèn</li><li>▪ Swen etablisman enfimye espesyalize</li><li>▪ Swen ospis</li><li>▪ Swen sante lakay</li></ul> | <b>Garanti:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Sèvis nan men doktè ak lòt founisè swen sante yo</li><li>▪ Sèvis prevansyon</li><li>▪ Swen pou pasyan ekstèn</li><li>▪ Medikaman yon doktè administre limenm</li><li>▪ Swen sante lakay</li><li>▪ Ekipman medikal ki dirab</li></ul> | <b>Garanti:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Pri medikaman ak preskripsyon pou pasyan ekstèn yo, ikonpri tout medikaman antiretroviral VIH yo</li></ul> |

Biwo HRSA VIH/SIDA (HAB) atann li pou benefisyè ak sou-benefisyè RWHAP pral fè tout efò ki rezonab pou garanti ke yo evalye tout kliyan ki pa gen asirans pou wè si gen lòt opsyon ni nan pwoteksyon asirans sante piblik (egzanp, Medicare ak Medicaid) ni nan pwoteksyon asirans prive. Al gade nan **Avi Klarifikasyon Politik HRSA HAB (PCN) an #18-01** pou jwenn detay adisyonèl.

 **Sèvi ak kalkilatris CMS sa a ak kliyan ou yo pou detèmine elijibilite pou Medicare:**  
[www.medicare.gov/eligibilitypremiumcalc/#eligibility](http://www.medicare.gov/eligibilitypremiumcalc/#eligibility)

**Menmsi gen plizyè pati nan Medicare, kliyan yo kapab enskri sèlman nan youn ann 2 metòd sa yo.**

Tablo sa a konpare 2 chwa enskripsyon prensipal yo nan Medicare.

| <b>Original Medicare (Part A ak B)</b>    | <b>Medicare Advantage (yo rele tou Part C)</b>   |
|--|--|
| <p><b>Ki Gen ladann:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Part A (asirans lopital)</li> <li>▪ Part B (asirans medikal)</li> </ul> <p><b>Kliyan yo kapab achte:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Part D (pwoteksyon medikaman ak preskripsyon)</li> <li><input type="checkbox"/> Pwoteksyon sipleman tèt pou ede peye depans moun dwe peye yomenm—tankou politik Asirans Sipleman Medicare (Medicare Supplement Insurance, Medigap) la</li> </ul> <p><b>Plan yo ki administre pa:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Gouvènman federal la</li> </ul> | <p><b>Li gen ladann:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Part A (asirans lopital)</li> <li>• Part B (asirans medikal)</li> </ul> <p><b>Pifò plan yo gen ladann:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Part D (pwoteksyon pou medikaman ak preskripsyon)</li> </ul> <p><b>Sèten plan gen ladann tou:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Depans moun lan dwe peye limenm yo pi ba</li> <li><input type="checkbox"/> Benefis anplis</li> </ul> <p><b>Plan yo administre pa:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Konpayi asirans prive ki anba kontra ak leta</li> </ul> |

\* Tablo ki adapte apatide <https://www.medicare.gov/sites/default/files/2018-11/10050-Medicare-and-You.pdf>

## Medicare Supplemental Insurance (Medigap) Policies

Pandan Original Medicare ap peye pou pifò nan depans sèvis ak atik ki garanti yo, asirans sipleman tèt a oubyen politik “Medigap” yo kapab ede garanti rès depans pou pwoteksyon Medicare Part A ak Part B, tankou ko-peman ak dediktib yo.

- Se konpayi prive ki vann politik Medigap yo.
- Lalwa Eta ak federal la estandadize politik yo epi yo dwe idantifye klèman pou kliyan yo kòm “Asirans Sipleman Medicare”.
- Yon moun dwe gen Medicare Part A ak B (Original Medicare) pou li ka enskri nan yon politik Medigap; li pa ka enskri nan toude Medicare Advantage ak nan yon politik Medigap.
- Politik Medigap yo pa garanti ko-peman, ko-asirans, dediktib yo pou pwoteksyon asirans medikaman ak preskripsyon Medicare Part D.

**Pifò pwogram RWHAP yo rekòmande pou kliyan yo enskri nan Original Medicare**, menmsi desizyon sa a depande mache Medicare Advantage ki nan zòn ou an. Li enpòtan pou revwa plan Medicare Advantage yo ki disponib nan jiridiksyon ou an pou detèmine si se chwa ki bon pou kliyan ou yo.



*Remake ke nan pifò ka yo, moun ki kalifye pou Medicare paske yo gen Maladi Ren nan Faz Final pa kapab patisipe nan yon Plan Medicare Advantage.<sup>8</sup>*

**Kliyan yo kapab chwazi chwa pwoteksyon yo pito a lè yo premye enskri nan Medicare epi pandan sèten peryòd nan ane a.** Al gade fèy enfòmasyon Kijan Enskripsyon nan Medicare Mache pou jwenn plis enfòmasyon.

**Si yon kliyan pa kalifye pou yon plan Medigap, RWHAP an, ki gen ladann Pwogram Asistans ak Medikaman SIDA (ADAP), gendwa ka ede peye ko-peman ak dediktib yo.** Konsilte **HRSA HAB (PCN) #18-01** pou enfòmasyon adisyonèl konsènan itilizasyon lajan RWHAP pou depans Medicare yo.

# Konpare Pwoteksyon ak Depans yo

Plan Original Medicare ak Medicare Advantage yo gen pwoteksyon ak pri ki diferan.<sup>9</sup>

| Original Medicare   | Medicare Advantage    |
|--|--|
| <p><b>PWOTEKSYON AK DOKTÈ YO</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Li garanti sèvis ak atik medikal nan lopital, klinik doktè ak nan lòt anviwònman swen sante</li> <li>Moun ki enskri yo kapab ale kay nenpòt doktè ki aksepte Medicare</li> <li>Nan pifò ka yo, moun ki enskri pa bezwen jwenn otorizasyon alavans pou sèvis yo ni yon referans pou al wè yon espesyalis</li> </ul>   | <p><b>PWOTEKSYON AK DOKTÈ YO</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Li garanti tout sèvis Original Medicare garanti yo</li> <li>Pwoteksyon pou medikaman ak preskripsyon enkli nan pifò plan yo</li> <li>Li otorize pou mete anplas terapi pa etap pou jere pwoteksyon medikaman</li> <li>Sèten plan ofri benefis anplis ke Original Medicare pa garanti—tankou zye, tandè oswa dan</li> <li>Nan pifò ka yo, moun ki enskri yo ap bezwen pran doktè ki patisipe nan rezon plan an (pou swen ki pa ijan)</li> <li>Yo gendwa bezwen jwenn sèvis ki apwouve alavans oubyen jwenn yon referans pou al wè yon espesyalis</li> </ul> |
| <p><b>DEPANS YO</b></p>  | <p><b>DEPANS YO</b></p>  |
| <p><b>Prim yo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Pwoteksyon Part A pa egzije yon prim chak mwa pou pifò moun.</li> <li>Pwoteksyon Part B egzije yon prim chak mwa. Pou moun ki kalifye ki baze sou andikap, yo retire prim Medicare Part B la dirèkteman nan chèk SSDI chak mwa, sa ki fè ke li difisil pou resipyan RWHAP yo peye prim la pou kont kliyan.</li> <li>Pwoteksyon asirans medikaman ak preskripsyon Part D a egzije yon prim apa.</li> </ul> <p><b>Lòt depans benefisyè a ap dwe peye limenm</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Pou sèvis medikal Part B garanti, moun ki enskri yo anjeneral peye 20% nan montan Medicare apwouve apre yo fin rive nan montan dediktib yo. Moun ki enskri yo gendwa achte politik Medigap yo pou ede ak depans sa yo, epi nan sèten Eta, RWHAP la kapab ede tou.</li> <li>Pa gen okenn limit chak ane sou sa ou dwe peye oumenm.</li> </ul> | <p><b>Prim yo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Moun ki enskri yo gendwa peye yon prim chak mwa pou plan an (pifò ladan yo enkli pwoteksyon pou medikaman preskripsyon) ak yo prim pou Part B.</li> <li>Sèten plan pa gen prim oswa yo pral ede peye pou tout oswa yon pati nan prim Part B a.</li> <li>Plan yo gen limit anyèl sou depans benefisyè a dwe peye limenm pou sèvis Medicare Part A ak B garanti.</li> <li>Ou pa kapab achte ni itilize pwoteksyon siplemantè apa—men sèten plan gen depans benefisyè a dwe peye limenm ki pi ba pase Original Medicare la.</li> </ul>                                       |

## Elijibilite Doub pou Medicaid ak Medicare

Pifò benefisyè Medicare yo ki enfekte ak VIH elijib pou ni Medicare ni Medicaid. Se sa yo rele **doub elijibilite**. Pifò moun ki enskri nan ADAP ak nan Medicaid pral tranzisyone apre yon titan nan Medicare, swa paske yo rive nan laj 65kan oubyen paske yo kalifye anvan 65kan akòz yon andikap oubyen paske yo gen Maladi Ren nan Faz Final.

Pou benefisyè ki doubman elijib yo, **Medicare** peye sèvis medikal ki garanti yo anpremye paske Medicaid se jeneralman li ki peyè dènye rekou a. Medicaid gendwa garanti depans medikal Medicare pa kapab garanti oswa garanti pasyèlman.

**Benefis Medicare ak Medicaid pou moun ki doubleman elijib yo** gendwa varye pou chak Eta. Sèten Eta ofri Medicaid atravè plan swen administre, pandan gen lòt Eta ki ofri pwoteksyon chaj pou chak sèvis. Sèten Eta ofri plan benefisyè pou moun ki doubman elijib ki rele Plan Medicare pou Bezwen Espesyal (Medicare Special Needs Plans, SNP) ki gen ladann tout benefis Medicare ak Medicaid yo. SNPS se konpayi prive ki jere yo epi gouvènman federal peye yo pou jere benefis Medicare yo. Menmjan ak tout Plan Medicare Advantage yo, SNP yo dwe ofri menm benefis, dwa ak pwoteksyon ak Medicare, men yo gendwa fè sa ak règ, restriksyon ak depanse ki diferan. Sèten SNP ofri benefis adisyonèl, tankou swen zye ak pou tande.

Moun ki enskri nan Medicare yo ki gen revni ak resous ki pa anpil gendwa jwenn èd nan men Medicaid pou ede yo peye pou prim ak depans medikal Medicare yo dwe peye yomenm, grasa **Pwogram Ekonomik Medicare (Medicare Savings Program, MSP)**.



Jwenn plis enfòmasyon osijè Pwogram Ekonomik Medicare la: [www.medicare.gov/your-medicare-costs/get-help-paying-costs/medicare-savings-programs](http://www.medicare.gov/your-medicare-costs/get-help-paying-costs/medicare-savings-programs)

### Resous Enskripsyon Lokal One-on-One Medicare yo

**Pwogram Asistans Asirans Sante Eta yo (SHIP)** ofri konsèy ak asistans ak asirans gratis epi lokal bay moun ki elijib pou resevwa Medicare, fanmi yo ak moun k ap okipe yo. Pwogram la gendwa gen yon lòt non nan Eta kote ou abite a.

Sèvi ak lokalizatè CHIP la nan [www.shiptacenter.org](http://www.shiptacenter.org) pou jwenn yon pwogram nan zòn ou oubyen rele nan 1-877-839-2675.

## Bay Kliyan Sipò pou yo Enskri nan Medicare

Garanti yon aksè san rete nan medikaman VIH ak swen medikal se yon bagay ki esansyèl pou moun ki enfekte ak VIH. Anvan pou yo enskri nan Original Medicare oubyen nan yon plan Medicare Advantage, manadjè dosye RWHAP yo kapab ede kliyan yo:

1. **Konfime ke founisè yo genyen kounye a aksepte Medicare.** Wèbsayt Medicare la gen yon zouti rechèch pou jwenn doktè ki pran Medicare yo: [www.medicare.gov/physiciancompare](http://www.medicare.gov/physiciancompare).
2. Konpare **plan medikaman Medicare yo** nan zòn yo epi chwazi youn ki garanti medikaman VIH yo ak lòt medikaman toujou. Tcheke opre Pwogram RWHAP /ADAP Eta a oswa lokal ou an pou wèyo yo gen yon plan medikaman yo rekòmande.

### Kijan pou Enskri nan Medicare

Kèk moun resevwa Medicare Part A ak Medicare Part B otomatikman (egzanp, yon moun ki deja ap resevwa benefis retrèt Sekirite Sosyal oswa SSDI) epi gen lòt moun ki dwe enskri ladann (egzanp, yon moun k ap kontinye travay a 65kan epi ki p ap resevwa benefis retrèt Sekirite Sosyal).

- Moun ki enskri otomatikman pral resevwa kat Medicare yo nan kourye lapòs 3 mwa anvan 65kyèm anivèsè yo oswa 25yèm mwa depi yo gen andikap yo.
- Moun ki pa resevwa Medicare otomatikman ap dwe aplike pou Medicare anliy: [www.ssa.gov/medicare](http://www.ssa.gov/medicare).

# Kijan RWHAP Ede Kliyan yo ak Depans Medicare yo

RWHAP la kapab ede benefisyè Medicare ki elijib yo ak depans pwoteksyon asirans sante yo. RWHAP, Medicaid ansanm ak lòt peyè gendwa founi sèvis adisyonèl, tankou jesyon dosye ak asistans pou transpò, ke Medicare pa ofri.





Dapre **HRSA HAB PCN #18-01**, lajan RWHAP gendwa itilize pou peye pou prim Medicare yo ak pataj depans yo ki asosye ak pwoteksyon asirans **Medicare Part B, C ak Part D** lòske lè yo fè sa, yo wè li ekonomize lajan epi pwoteksyon asirans lan gen ladann:<sup>10</sup>

- Sèvis sante pasyan ekstèn/anbilatwa (Medicare Part B)
- Pwoteksyon asirans medikaman ak preskripsyon (Medicare Part D) ki gen ladann omwen yon medikaman nan chak kategori tretman antiretwoviral debaz

## Konsilte lòt feyè enfòmasyon nou yo pou jwenn enfòmasyon adisyonèl osijè Medicare:

- Pwoteksyon Asirans Medicare pou Medikaman ak Preskripsyon pou Kliyan RWHAP yo
- Kijan Enskripsyon nan Medicare Mache

## Depans Medicare ki Otorize nan RWHAP (apatide PCN #18-01)

| Medicare Part  | Lajan RWHAP  |
|--|--|
| Medicare Part A<br>  | Okenn moun ki resevwa RWHAP otorize pou itilize pou peye prim oswa pataje depans.<br><i>Note: Pifò moun pa bezwen peye yon prim pou Medicare Part A.</i>   |
| Medicare Part B<br> | Tout moun ki resevwa RWHAP kapab itilize pou peye prim epi/pswa pataj depans an menmtan ak peye pou prim oswa pataj depans Medicare Part D yo.   |
| Medicare Part C<br> | Tout moun ki resevwa RWHAP kapab itilize li pou peye prim ak/oswa pataj depans lè plan Medicare Part C an gen ladann pwoteksyon asirans medikaman ak preskripsyon oubyen anmenmtan ak peye pou prim epi pataj depans pou Medicare Part D pou plan ki pa gen ladann pwoteksyon asirans medikaman ak preskripsyon.                             |
| Medicare Part D<br> | Moun ki resevwa RWHAP Part A, B, C ak D kapab itilize li pou peye prim oswa pataj depans anmenmtan ak peye prim oswa pataj depans pou Medicare Part B oswa Medicare Part C. Moun ki resevwa RWHAP ADAP gendwa itilize li pou peye prim ak pataj depans pou Medicare Part D lòske sa ekonomize lajan olye pou peye pou tout pri medikaman yo. |

Tcheke ak direktèpwogram ou an pou jwenn kilès pami depans sa yo òganizasyon ou an garanti.



# Referans

- 1 <https://www.medicare.gov/what-medicare-covers/your-medicare-coverage-choices/whats-medicare>
- 2 <https://www.kff.org/hiv/aids/fact-sheet/medicare-and-hiv/>
- 3 <https://hab.hrsa.gov/sites/default/files/hab/Publications/factsheets/population-factsheet-older-adults.pdf>
- 4 <https://hab.hrsa.gov/sites/default/files/hab/Publications/factsheets/population-factsheet-older-adults.pdf>
- 5 <https://www.medicare.gov/sites/default/files/2018-11/10050-Medicare-and-You.pdf>
- 6 <https://www.kff.org/hiv/aids/fact-sheet/medicare-and-hiv/>
- 7 <https://www.ssa.gov/planners/disability/qualify.html#anchor1>
- 8 <https://www.medicare.gov/pubs/pdf/11219-understanding-medicare-part-c-d.pdf>
- 9 <https://www.medicare.gov/sites/default/files/2018-11/10050-Medicare-and-You.pdf>
- 10 <https://hab.hrsa.gov/sites/default/files/hab/program-grants-management/18-01-use-of-rwhap-funds-for-premium-and-cost-sharing-assistance.pdf>



The Access, Care, and Engagement (ACE) TA Center aims to help Ryan White HIV/AIDS Program recipients and subrecipients support their clients, especially people of color, to navigate the health care environment through enrollment in health coverage and improved health literacy. For more information, visit: [www.targethiv.org/ACE](http://www.targethiv.org/ACE)



*This resource was prepared by JSI Research & Training Institute, Inc., and supported by the Health Resources and Services Administration (HRSA) of the U.S. Department of Health and Human Services (HHS) under grant number U69HA30143: Building Ryan White HIV/AIDS Program Recipient Capacity to Engage People Living with HIV in Health Care Access. This information or content and conclusions are those of the author and should not be construed as the official position or policy of, nor should any endorsements be inferred by HRSA, HHS or the U.S. Government.*